



**Fukki Laaj yuy Faral di Ñëw ci lu àju ci Ewakiyaasiyoŋ yi  
Ak  
Dëkkuwaay gu jàmp**



**Këru gi yor mbirmum Koste bu Saytukatu li Jàmp  
Njëlbeén: (907) 343-1400**

**Nimero telefonu Anam yu Jàmp: (907) 343-4701 [www.muni.org/oem](http://www.muni.org/oem)**

**1. Yan risk ñoo gën a am solo ci barab buñuy kostee yuy mën a laaj awakiyaasiyoŋ wala dëkkuwaay gu jàmp?**

• **Yëngu-yëngu suuf yu tàr:** Yëngu-yëngu suuf yi ñoo li gën a mën a indi ay lorànge te wey lañu ci Koste. Donte South Central Alaska dafay faral di dund ay yëngu-yëngu suuf yu ndàw, lu neew la ngir mu ñakk am ay yàqu-yàqu. Waaye, ab yëngu-yëngu suuf bu metti buy ndurook bima amoon ci atum 1964 mën naa waral ay yàqutey tabax ak këru liggéeyukaay yu mën a indi ay lorànge yu am solo ci benn xaaj ci ñi dëkkee ci barab ba.



<https://www.ready.gov/earthquakes>



• **Làkk:** Dekalaare nañu koste ci ab askan bu nekk ci risku làkk bu Ministeer bu yor wàllum Mbay ak Àll bi. Ay mbir yu bokk ci risk yi bokk na ci ay àlli bànt yu dëgër ak garabu kooni yu làkk ci lu yomb ci ay anami daanse làkk yu mag. Akit, jege na ay dëkkuwaayi taax ak ay dëkkuwaayi kaw ci biir àll bi yuy mën a waral ay làkk yuy am ci ay jomono.

<https://www.ready.gov/wildfires>

• **Kilimaa bu tàr:** Kilimaa bu tàr ci South Central Alaska mën naa waral ay anami wooradi yu àndak ay oraas, ay ngalawi wala am doole wala hurricane, ay tàwi galas, ak ay mbënd wala ay mbène yu gaaw. Cig ndoleent, kilimaawu iweer mën a boolook moom nees bu metti, tàw gu sèdd wala bu àndak nees, ak ay tamperatiir yu wàcc lool.



• **Dogg-doggu ci wàll enersi:** Ay dogg-doggu ci gaas natirel ak ay kupiiri kuraŋ mën itam waral ay anam fi ñu wara tëralee ay Dëkkuwaay yu jàmp ngir ay way-dëkk yuñu toxal. Yile xeeti anam dañ leen di faral di yemale ci natiir waaye mën nañ koo tasaare.

<b>Sirsarse Kuraŋ</b>	907-762-7888	<a href="http://www.chugachelectric.com/">http://www.chugachelectric.com/</a>
<b>ML&amp;P - Kuraŋu ak Leeraay</b>	907-279-7671	<a href="https://www.mlandp.com/">https://www.mlandp.com/</a>
<b>MEA - Matanuska Electric Assn.</b>	907-696-7697	<a href="http://www.mea.coop/">http://www.mea.coop/</a>
<b>ENSTAR</b>	907-334-7788	<a href="https://www.enstarnaturalgas.com/">https://www.enstarnaturalgas.com/</a>

**2. Nan laay def ngir yëgg li xew ci anam yu wooradi ci sama barab?**

• Toppal seentu yuy am ci barab bi nga nekk ngir am ay leeral ci ay lorànge yuy mën a indi ay fitna yu mēna indi ay lorànge ci barab bi nga dëkk.

• Bindul ngir liggéeyalu NIXLE bodul fay dara ngir jot ay digle ay àrtu yu bawoo ci Këri Kaarànge Mbooloo cig m-bataxaal, jukki, bataaxal ak yeneeni mbaali-péncoo. Mën nga bindu ci lu yomb ci NIXLE soo yónnee mesaas sa Zip Kotu Koste ci 888-777. Mën nga itam lonku ci NIXLE.com ngir bindu ngir m-bataaxal ak ay bataaxali jukki.



• Wey di saytu xibaari seentug barab bi nga nekk ak NIXLE ngir am ay leeral yu teew ci ay anam yi ak ngir bépp digle bu xejjiku bi ab mbir mu jàmp wala ay nekkiin yuy fitnaal jibe.

• Mën nga itam woote ci 2-1-1, fi nga xamantane ay Saytukati woote dina ñu am ay xibaar yu àju ci ay anam, ay digley ewakiyaasiyoŋ ak ay leeral yu àju ci ay barabi dëkkuwaay gu jàmp.

• Nimero telefonu Anamu Koste gu Jàmp ci 907-343-4701 dafay joxe ab yeesalu bataaxal buñu wàttuwoon ak ay digle ngir ñi dëkk ci barab yi loru.

- Daluwebu Kër giy saytu mbir yu Jàmp yi ci [www.muni.org/oem](http://www.muni.org/oem) ab costéef bu baax la itam ngir ay xibaar yu teew akit ay digle.



### 3. Nan lay mënee xàm ndax dama wara ewaakiyee am déet?

- Ay njiiti kaarànge mbooloo dina ñu jéema joxe ay karmat yu xoot ci niñ ko mënee laata ñuy soxla bu baax ab ewakiyaasiyoŋ. Saa yu amee ab fitna bu jeggi dayoo (làkk wala yeneen dankaafu) Pélise yi ak yeneen Liggéekati Kaarànge Mbooloo dina ñu yëgle ci saasi dëkkiin ci barab yu loru. Mën nañu def lii di dugg ci kër gu nekk, ci ay nosteg dëkkuwaayi woote mbooloo, wala soo boole ñaar yépp.
- Saytu ay xibaari seentu ci barab bi nga nekk ak NIXLE – dina ñu joxe itam ay dankaafu ewakiyaasiyoŋ ak ay àartu.

### 4. Nan laay xamee yoonu ewakiyaasiyoŋ bi?

- Ay kilifaay Kaarànge Mbooloo ñooy xamle yooni ewakiyaasiyoŋ sunu sukkandikoo ci ay anam yu teew yuñu antisipe akit nekkiinu fitna ak daanse. Dina ñu def lépp luñu mën ngir jox way-dëkk yooni ewakiyaasiyoŋ buñuy xaar numu gën a gaawee laata ñuy digle beneen ewakiyaasiyoŋ.
- Bàyyil xel ni coppitey anam mën naa laaj ay coppite ngir ay yooni ewakiyaasiyoŋ ngir wéral sa kaarànge. Ay Pélise Koste dina ñu teg ay barabi Fuglu Yoon ngir werlu ni ñi fa dëkk mën nañu wey di des ci yoon yuñu tànn. Baal nu topp digle yi Këri Kaarànge Mbooloo ngir firndeel sa kaarànge.



### 5. Luy xew sudee amuma kumay yobbu wala suma soxlaa ndimbal?

- Mën nga jëfandikoo costéefi dem ak dikk bu meeri gox bi moom te dikoy saytu mën ngir mëna dëppook càkkutéef dem ak dikk yi ngir ewakiyaasiyoŋ yuñu sàkku suko laajee.
- Amna solo ci way-dëkk yi ñu xamal liggéeykati kaarànge mbooloo kañ lañu njëkk jokkook yaw sudee amuloo sa jumptukaayu dem ak dikk bopp ngir ewakiyee.
- Liggéeyali para-transit dina ñu leen bàyyi ñu jàppandi ngir nit ñi ak ay soxlaay man-mani dugg yuy laaj xeetu liggéeyal bii.



### 6. Loo xàm ci mala yi?

- Andak sa njaboot, way-dëkk yi war nañu am ab palaŋ ngir ewakiye seeni mala yuñuy yàr wala ay mala liggéeyukaay. Mala yuñuy yàr dañ leen jàppee ni ay mala yu ndàw niki ay xaj, ay muus, wala ay mala yu ni mel te ñu leen di faral di gis ci biir kër borom mala yi.
- Mala yuñuy yàr boole wuñu ci ay mala yuñu dul faral di gis ci réew mi wala yu wooradi niki ay jaan, ay golo, ay gett wala mala àll, ak ay mala àll yuñu yàr.
- Ngir way-dëkk yu amul seen jumptukaayu dem ak dikk bopp ngir ewakiyaasiyoŋ yuñu sàkku, mala yuñuy yàr mën nañu àndak seeni borom ci ay jumptukaayi dem ak dikk yu leen seen meeri gox jagleel. Mala yuñuy yàr dañu wara wéy di nekk ci ab fuglu bu baax ci kiko moom saa su nekk buñuy amal ewakiyaasiyoŋ bi biñuy dawal jumptukaayu dem ak dikk bi.
- Yeneeni leeral jàppandi nañu ci Këri Koste yi yor mbir yu Jàmp yi ci li ñeel li borom mala yi wara indaale ngir seeni ewakiyaasiyoŋ

### 7. Loo xàm ci samay fàs ak yeneen gett yi?

- Gox bi amul ay costéef wala ay man-man ngir ewakiye te toppatoo ay gett wala ay mala àll biñuy amalee ewakiyaasiyoŋ bi. Ci kaw borom mala yi la àju ngir ñu firndeel kaarànge ak nekkiing bu baax bu seeni mala biñuy amal ab mbir mu jàmp.
- Ñoo ngi ñaax borom gett yi nekk ci barab bi ñu woo wala ñu tëral ay mbaali ndimbal ngir dimbalante suñuy amal ay mbir yu jàmp ak ay musiba.
- Ñoo ngi ñaax borom gett yi ñu xalaat nuñuy ewaakiye seeni mala numu gën a gaawee ay doxalinu anami fitnaal.





### **8. Fan la dëkkuwaay yu jàmp nekk?**

- Kër giy yor Kaarànge Mbooloo dina ñu digël way-dëkk yi ak ay karmat yu xoot barabu dëkkuwaay yu Jàmp. Ay kəri dëkkuwaay yu jàmp mën nañu doon ab daara, ab jumtukaayu meeri goxu meeri, wala ab kër gi nga moom wala kër buñu luwe.

• Ndurook yooni ewakiyaasiyoŋ, dañuy tan ay dëkkuwaay yu jàmp sukkandiku ci anam yi ak jegewaayu barab yi loru. Dañuy bàyyi xel itam ci limu nit yuñu toxal ngir barab ak xeeti nit jumtukaay yuñu wara jëfandikoo ngir Dëkkël gu jàmp.

- Mën nañu sàkku njékka ewaakiye ay way-dëkk ci ab Sàntaru Dalal fiileek ñuy tëral dëkkuwaay yu jàmp.
- Ci niñ koy faral di waxee, dëkkuwaay yu jàmp yuñu Meeri Gox bi tëral Kuruwaa Ruus mookoy saytu. Ñi liigéey ci mbirum dëkkuwaay yi ñooy toppatoo serwiisu lekk yuñu jagleel way-dëkk yuñu toxal.
- Yeneeni leeral yu ñeel nimeru telefon wara indi ci ab dëkkuwaay gu jàmp jàppandina ca Liggéeyukaay biy Saytu mbir yu jàmp bu Kuruwaa Ruus

### **9. Ndax samay mala mën nañu nekk ak man ci dëkkuwaay gu jàmp gi?**

- Nangu wuñu mala yi ñuy yàr ci dëkkuwaay yu jàmp yi. Borom mala yi war nañu def luñu mën ngir yeegal seeni mala wala am ab xarit bu leen di toppatoo biñuy nekk ci seeni dëkkuwaay.
- Mala yuñu nangu ci dëkkuwaay yu jàmp ñooy ay sarwiisu xàj ak sarwiisu fàs yu ndàw ci niñ ko yemale te tëral ko ci luwaa wu Americans with Disabilities Act (ADA). [https://www.ada.gov/service\\_animals\\_2010.htm](https://www.ada.gov/service_animals_2010.htm)
- Ngir ay ewakiyaasiyoŋ yu yaatu fi ab limu nit bu am solo ak mala yuñu toxal, Meeri bi dina taxawal ab dëkkuwaayu mala bu jàmp.
- Dëkkuwaayu mala bu jàmp nduroowul ak sarwiis teye mala yi; ñoo ngi xaar borom mala yi ñu jàppale ñu ngir ñu toppatoo seeni mala ci ay barabi dëkkuwaay yu jàmp.
- Yeneeni leeral ci luñuy xaar ci borom mala yi jàppandi na ci Barabu Fuglu ak Toppatoo Mala yu Meeri Gox bi.

### **10. Nan laay xamee kañ la gën a woor ngir dellu sama kër?**

- Liggéeykati Kaarànge Mbooloo dina ñu digle way-dëkk yi kañ la gën a woor ngir dellu ca kër ga ci ay xibaari seentug, NIXLE, ak daliwebi mbaali péncoo.
- Daluwebi dëkkuwaay yu jàmp yi dina wone ay leeral ngir dimbali way-dëkk yi ñu xàm kañ lañu yaakaar ni dina woor ngir ñu dellu seen kër.
- Daliwebi Departamaa yi niki pëliis, pompiyee ak kèru liggéeyukaay bu jàmp dina wéy itam di xamal way-dëkk yi kañ la woor ngir ñu seen kër.

#### **Departamawu Pëliisu Koste**

Facebook <https://www.facebook.com/APDInfo>

Twitter <https://twitter.com/APDInfo>

Daluwebu Meeri Gox bi <http://www.muni.org/departments/police/pages/default.aspx>

#### **Departama biy Toppatoo làkkub Barabu Koste bi**

Facebook <https://www.facebook.com/pages/The-Anchorage-Fire-Department>

Twitter <https://twitter.com/afdinfo>

Daluwebu Meeri Gox bi <http://www.muni.org/departments/fire/pages/default.aspx>

#### **Kèru liggéeyukaay buy saytu mbir yu Jàmp**

Facebook <https://www.facebook.com/AnchorageOEM>

Twitter [https://twitter.com/Anchorage\\_OEM](https://twitter.com/Anchorage_OEM)

Daluwebu Meeri Gox bi <http://www.muni.org/departments/oem/pages/default.aspx>

## Way-dëkk yi dañu wara waajal seen bopp ngir mbir yu jàmp yépp wala musiba yi suñ ko:

### □ **Deje ab kit!**

- Defar ab kitu dëkkuwaay gu jàmp ci ab joxey 7 fan wala luko ëpp TE defar ab kitu-dem ngir teye soo waree genn sa kër ci lu gaaw!
- Dugal ci ndox, ñàm, garab, yere, xalis, wanak, ay sanieer, ay yëfi toppatoo mala, ak ay soxla yu benne (ay jëfandaay yuy jàppale, ay ñàm yu xejjiku, ak yeneen ak yeneen).

### □ **Am ab palan!**

- Nan ngay waxtaanee ak ñoom? Yan dogal nga ciy jël?

### □ **Wey di jot ay xibaar!**

- Bindul ngir ab Nixle ngir jot ay àartu aki digle cig jukki, m-bataaxal, Facebook, wala Twitter bawoo ci kaarànge Koste Mbooloo. Yónneel bataaxal sa kot zip MOA ci 888777 wala nga bindu ci net bi ci Nixle.com
- Dégglu, jàng, seetaan, te topp ay xibaari barab.



Yeneeni leeral yu àju ci defar ab palan, defar ab kitu dem, te wéy di yëg li jàppandi ci Ñiy Saytu mbir yu Jàmp yi.

## Waajal Làkk...

# Noppi, Waajal, Dem!

### □ **Noppi! Noppil ngir fay Làkk!**

Jël say dogali bopp te waajal bu baax laata fitnaay làkk di ñëw ndax sa kër noppi su amee làkk. Sos ab baayaalu àartu ak ab boros buy settal sa kër. Jëfandikool mëébèl yu làkk mënalu dara te nga dëgéral sa kër ak ay dogali tabax yu ñeme làkk. Boolel ab njoxey jàmp ak ay moomeel ci ab barab bu woor. Waajalal ay yooni mucc te werlu ni dëkkuwaay yooyu yépp ci kër gi xàm nañu palanju jëf ji.



### □ **Waajal! Defaraat te teye wey di sansibilise ci sitiyaşiyon!**

Tàkkal say yëf yu jàmp. Weyal di yëg xibaar ak leeral yu mujj ci làkk gi bawoo ci xibaari barab bi, sa departamaa làkku barab ak kaarànge mbooloo.

### □ **Dem! Jëf ci lu teel!**

Toppal say palanju dogali làkk àll. Def lu ni mel du teye sa kaarànge, waaye dina tax ba xeexkati safara yi def luñu mën ngir waajal seeni costéef ngir xeex làkk gi.

<http://www.wildlandfirersg.org/Resident>